

**APWOUVE PA
INTEGREVIEW IRB
8 OUT 2018**

Chè Elèv,

Nou vle pou w nan yon etid rechèch sou eksperyans ou nan pwogram tan apre lekòl. Yon etid rechèch ap ede reponn yon kesyon. Kesyon an nou vle reponn nan se lefèt ke pwogram apre lekòl la ap ede elèv yo aprann nan syans, teknoloji, jeni ak matematik (STEM).

Pou etid sa a, nou pral kolekte enfòmasyon sou ou nan Boston Public Schools. Nou vle konnen nan ki lekòl ou prale, klas, laj, ak sèks, ak kod postal ou. Nou vle konnen kijan wap travay lekòl ak si ou gen pwoblèm konpòtman oswa aprantisaj ki rann lekòl la pi difisil. Ou ka mande nou osijè enfòmasyon nou pral kolekte a. Nou pral kenbe enfòmasyon sa a prive e nou pa pral pibliye l oswa itilize l nan fason ki pral pèmèt moun ki pa nan etid la gen enfòmasyon sou ou antanke yon patisipan.

Yo pral mande w tou pou ranpli de sondaj. Youn se sondaj sou Rezilta Akademik ak Jèn yo (SAYO- Y). SAYO-Y se yon sondaj kout ke yo te fè nan fen pwogram lan ki mande w kesyon sou eksperyans ou nan pwogram yo ak pwochen plan yo. Dezyèm sondaj la rele Common Instrument (“CI”). CI la se yon sondaj kout ki te fèt de fwa ki mande kesyon sou enterè w nan syans, teknoloji, jeni ak matematik.

Si ou deside patisipe nan etid sa a, men kèk bagay ou ta dwe konnen:

- Ou pa bezwen patisipe nan etid sa a si ou pa vle. Ou ka di non, e pèsan pap fache kont ou.
- Nou pap itilize non w nan okenn rapò sou etid sa a.
- Se sèlman chèchè yo kap fè etid sa a ki pral gen aksè a enfòmasyon w.
- Nou pral detwi tout done yo nan fen etid la.
- Ou ka sispann patisipe nan etid la a nenpòt kilè. Si ou chwazi pou sispann patisipe, li pa pral afekte nèt ou yo oswa relasyon w avèk pwofesè w yo oswa lekòl la. Okenn moun pap fache kont ou si ou kanpe patisipasyon w.

ENFÒMASYON SOU PIBLIKASYON FOTO

Nou ka pran foto, oswa fè videyo kèk nan aktivite yo nan etid sa a. Nou ka itilize bagay sa yo nan prezantasyon yo, sou Televizyon, entènèt ak nan magazin pwofesè syans yo li. Nou pa pral itilize non w nan foto yo. Si ou siyen papye sa a li vle di ou dakò pou nou pran foto oswa fè aktivite videyo ou patisipe.

Enfòmasyon Kontak: Si ou gen nenpòt enkyetid sou patisipasyon w nan etid sa a oswa si ou gen kesyon sou etid la, tanpri kontakte Kathy Dowell nan Gwoup Evalyasyon, nimewo telefòn: 803-719-5115; imèl: kathy@evaluationgroup.com.

SA A SE YON DOKIMAN ENPÒTAN - KENBE L POU PWOCHEN REFERANS

KONTWÒL VÈSYON

jbm/8-8-18

**APWOUVE PA
INTEGREVIEW IRB
8 OUT 2018**

Tanpri tcheke yon chwa anba.

_____ Mwen dakò pou m nan

etid sa a. OSWA

_____ Mwen pa dakò pou m nan etid la.

Ekri non: _____

Siyati: _____

Dat Nesans: _____

BPS _____ ID _____ Number: _____

Non Pwogram Tan Apre Lekòl: _____

Ekri Non Moun kap Eskplike Fòm Konsantman: _____

Siyati Moun kap Eskplike Fòm Konsantman: _____

Ou pral resevwa yon kopi siyen ak date nan fòm konsantman sa pou kenbe.

SA A SE YON DOKIMAN ENPÓTAN - KENBE L POU PWOCHEN REFERANS

KONTWÓL VÈSYON

jbm/8-8-18